**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки РД**

**ГКУ РД "ЦОДОУ ЗОЖ"**

**ГКОУ РД "Новохелетуринская СОШ Ботлихского района"**

РАССМОТРЕНО
Руководитель ШМО
Магомедова А.А.

УТВЕРЖДЕНО
И.о. директора школы
Идрисов.Р.Л
Приказ №32 от 31.08.2023г.

# АВАР АДАБИЯТ

## ХIалтIул программа

## 3 класс

Магомедова Ашура Ахмедовна

# Авар адабият

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалдеросарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда.

Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьалхадусел мурадал тIуразариялде:

- бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIи-батIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби; тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъулъги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби;
- художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби; рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари;
- художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай.

Байбихьул школалда предмет хIисабалда литературияб цIалиялъ лъимал цIализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тIурала.

ЦІалдохъабазул ригьалъе хасал, рухІияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз цІалдохъабазе кІудияб асар гьабула, гьел асараз квербакъула миллияб ва киналго гІадамазе, ай тІолабго инсаниятальe данде кколеб хасият куцазе.

Литературияб цІалиялъул дарсазда аслияб куцалъ кІвар кьола цІализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебетІезабиялде. ЦІалдохъабаз гъваридго лъазабула бичІчІун ва пасихІго цІализе, жалго жидедаго чІун, текстал цІализе; гьел ругьунлъула тІехьалъул хІасил бичІчІизе ва гьелдаса сверухъ бугеб тІабигІаталъул хІакъалъулъ щвараб лъай гІатІилъизабиялъе пайда босизе.

Литературияб курс лъазабулаго, цІалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданияталъул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гІуцІизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, батІи-батІиял текстазда тІад хІалтІизеги, жалго жидедаго чІун, учебникалъул баян кьолеб аппаратaлдаса пайда босизеги, словаразулъ къваригІараб информация балагьизеги бугеб бажари.

Литературияб цІалиялъул дарсазда цІалдохъан ругьунлъула битІун, гъалатІал риччачІого, цІализе. БитІун, чвахун цІализе бажарулеб лъимералъе гьоркьоса къотІичІого тІахьал цІализе рокьула, гьесда лъала текстал цІалиялъул ва гьелгун хІалтІиялъул къагІидаби, гьединго гьесда бажарула цІаларал асаразул хІасил бичІчІизе, живго жиндаго чІун, жиндие къваригІараб тІехь тІаса бищизе ва гьелъие къимат кьезе.

Литературияб цІалиялъул курсалъ цІалдохъабазул художествиял асарал цІалиялде интерес бижизабула. ЦІалдохъаби ругьунлъула поэзиялъулаб рагІул берцинлъи бичІчІизе, рагІул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

Къокъго абуни, «Литературияб цІали» абураб предметалъ байбихьул классазда гІемерал, кІвар бугел масъалаби тІурала ва гьитІинаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъикІ цІалдезе хІадур гьабула.

**Курсалъул гІаммаб характеристика**

ЦІалул дарсал гьарула тІоцебесеб классалдаса байбихьун (хІарпал малъулеб заман лъугІун хадуб), гьоркьоса къотІичІого, ункъабилеб класс лъугІизегІан. ЦІализе ругьун гьарулаго, мугъчІвай гьабула, тІоцебесеб классалда «Азбука» малъулаго, лъималазе щвараб лъаялдеги бажариялдеги.

ЦІалул курс гІуцІун буго магІарулазул, гІурусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шагІирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго цІалул курсалъулъ кьун руго гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал асаралги. Художествиял ва гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гъваридго бичІчІизе.

Литературияб цІалиялъул хІасил программаялъулъ гьал хадусел бутІабазде бикьун буго:

1. Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура;
2. Тексталда тІад гьабулеб хІалтІул тайпаби;
3. Художествияб асаралда тІад хІалтІи;
4. ЦІализе кколел асарал. ЦІалиялъул культура.

ТІоцебесеб «***Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура»*** абураб бутІаялъулъ хъвазе ва цІализе, гІенеккизе ва гаргадизе бугеб бажариялде, ай каламалъул киналго тайпаби камиллъиялде кІвар буссинабун буго.

Программаялъ тІалаб гьабулеб буго I–IV классазда щибаб цІалул дарсазда битІун, чвахун, бичІчІун ва пасихІго цІалиялъул бажари камил гьабизе.

Гьединаб бажари лъугьуна батІи-батІиял асарал, гьезул бутІаби гьоркьоса къотІичІого цІалиялдалъун.

I классалда лъималазда лъазе ккола гІедегІичІого, бичІчІун ва битІун гІисинал текстал рагІабиккун цІализе. Гьелдаго цадахъ цІалул дарсазда цІикІкІараб кІвар кьола гьаркьал ритІун рахъиялде. ЦІалул хехлъи минуталда жаниб гІага-шагарго 20–25 рагІуде бахуна.

II классалда лъималаз гІисинал текстал рагІабиккун (захІматал рагІаби слогалккун) цІалула. ЦІалул хехлъи, I классалда дандеккун, цо минуталда жаниб 30–40 рагІуде бахуна.

III классалда текстал рагIабиккун ритIун, ричIчIун ва чвахун цIалула. ЦIалулаго, логикияб ударение лъезе, кколелъуб лъалхъи гьабизе, интонация цIунизе. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 50–60 рагIуде бахуна.

IV классалда киналго цIалдохъабаз хехго, ритIун, ричIчIун, рагIабиккун текстал цIалула. Слогалккун цIалиялъул магIна ккола цIалдохъаби цIалулъ нахъахутIи. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 70–80 рагIуде бахуна.

ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ кIвар буссинабула накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIа бахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (ай жиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, монолог гIуцIизе) бугеб бажари цебетIезабизеги. ЦIалдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халккезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго гIенеккизе ва гь.ц.

Программаялда кIудияб кIвар кьола хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялдеги. ЦIалул дарсазда цIалдохъаби ругьунлъула жидецаго текстал гIуцIизе, цIаларал хабарияб, сипатиял ва пикриял текстазул кьучIалда изложениял ва къокъал сочинениял хъвазе.

Программаялъул кIиабилеб бутIаялъулъ цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула ***тексталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпабазулгун***. Гьел ругьунлъула текст бутIабазде бихьизе, гьел бутIабазда цIарал лъезе, план гIуцIизе, цIалараб текст къокъго ва тIубанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьабизе. ЦIалдохъабазда лъала текстал хабарияб, сипатиял ва пикриял рукIин. Гьезда бажарула тексталъул хIасилги бетIерги цоцазда рухьизе, цIалул, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал ва художествиял текстал ратIарахъизе, гьезул бугеб кIвар бихьизабизе.

Программаялъулъ хасаб бакI ккола ***художествияб асаралда тIад гьабулеб хIалтIиялъ***. Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъгIунтIиялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къагIидаби цоцаздаса ратIарахъизе (мугIалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гIелмиялгин

текстазулъ дунял бихьизабулел къагIидаби цоцаздаса ратIарахъизе (мугIалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби ричIчIизе, жалго бетIергьанал текстал гIуцIизе.

ЦIалдохъаби ругьунлъула художествияб асар бичIчIизе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асараздаса батIабахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.

Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьечIого гьабизе ккола художествиял асаразул гIадатияб анализ: цин цIалдохъабазтекст тIубанго лъазабула, цинги гьеб цIалула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул хIасилалда ва цIаралда дандеги ккун, цIидасан гьеб тексталде кIвар буссинабула.

Художествиял асаразул анализ гьабулаго, цIалдохъабаз лъугьа- бахъиназул тартиб чIезабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъай- хъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, цIалараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рухIияб бечелъи (ай гьудуллъи, адаб-хIурмат, лъикIлъи ва тIалаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бичIчIизе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ тIабигIаталдагихIайваназул хьвада-чIвадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажариги цебетIезабула.

***«ЦIализе кколел асарал. ЦIалиялъул культура»*** абураб бутIаялъулъ рихьизарун руго батIи-батIиял темаби ва гьезда тIасан цIализе кколел асарал. ЦIалдохъабаз цIализе кколел асаразда гъорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул рагIул устарзабаз хъварал, лъималазул гIумруялде гIагарал, гIисинал, художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал.

Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанрал: маргьаби, кучIдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкIаби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Гьаниб кьураб тематика байбихьул школалъул гIелалъул лъималазде гIагараб буго. Тематикаялъул хIасилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул кIвар буссинабула жидерго гIел бащадаздехун ва

цIикIкIараздехун, тIабигIаталдехун, тарихалдехун, нилъер ватIаналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола батIи-батIиял авторaз цого цо тематикаялда тIаса хъварал асарал дандекквезе. ЦIализе кьураб тематикаялъ лъимералъул сверухъ дунял бичIчIизе бугеб интерес гIатIилъизабула, цIализе бугеб махщел цIикIкIинабула ва цIалиялъул культура лъугьинабула. Гьелда тIадеги, цIализе кьурал асараз кIудияб кумек гьабула лъималазе рухIиябгин эстетикияб тарбия кьезе.

**ЦIалул планалда литературияб цIалиялъ ккураб бакI**

Литературияб цIалиялъе кинабниги кьун буго 135 сагIат.
3 классалда 34 сагIат кьун буго ( 34цIалул анкь, анкьида жаниб 1 сагIат).

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.
2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.
6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажарицебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
8. Творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

**Метапредметиял хIасилал**

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.

2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.

3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе лъай.

5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитариял (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял (ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.

6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.

7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.

8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.

9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулелллъи лъай.

2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.

3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.

4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.

5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи;

ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.

6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимаб хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари.
7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазул кумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.
8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех- рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.
9. БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, цIалул ва художествиял, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебетIезаби; художествиял асаразда, суратазда тIасан яги жиндирго хIалбихьиялъул хIакъалъулъ живго бетIергьанаб текст гIуцIизе бажари.

## Курсалъул материал

**Каламалда ва цIалиялда сверухъ гьарулел хIалтIабазул тайпаби ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIизе бажари (аудирование)**

ГIинда рагIараб цогидазул калам бичIчIи. Цогидас цIалулеб асар гIенеккун дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ГIенеккун рагIараб асаралда тIаса лъурал суалазе жавабал кьезе бажари, лъугьа-бахъиналъул тартиб чIезаби, рагIараб каламалъул мурад бичIчIи, гIенеккун рагIарал гIелмиялгиннахъгIунтIиялъулал ва художествиял асаразда тIаса суалал лъезе бажари.

Авторасул стилалъул хаслъиялдаги каламалъул пасихIлъиялдаги хадуб халкквезе бугеб бажари цебетIезаби.

## ЦIали

*РагIизабун цIали.* РагIабазулъ слогал ва хIарпал гьоркьор риччачIого ва гьел ругеб бакI хисичIого, рагIаби, предложениял ва текстал бичIчIун, битIунцIали. Слогалккун цIалиялдаса байбихьун дагь-дагьккун бичIчIун, битIун тIуранго рагIаби ва рагIабазул дандраял цIали; классалдаса классалде, тIубараб текст бичIчIуледухъ, цIалиялъул хехлъи цIикIкIинаби. КIудияб гуреб, гьитIинаб текст пасихIго цIали: цIалулаго битIун абиялъул ва интонациялъул нормаби цIуни; цIалиялъул мурад бичIчIи, цIалулев чиясул цIалараб асаралдехун бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе бажариледухъ, интонациялдаса ва цоцазулгун бухьен гьабизе цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон хIинцлъизабун (хьадарлъизабун) яги хехлъизабун цIалиялъул темпалдаса пайда боси. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпаялъул предложениял цIали. БатIи-батIиял текстазул магIнаялъулал хаслъаби ричIчIи ва интонациялъул кумекалдалъун гьел рихьизари. КIудияб гьечIеб текст живго жиндаго чIун пасихIго цIализе бажари (цIалулаго данде кколеб гьаракь-бакъан ва хехлъи (темп) тIасабищизе, логикияб ударение битIун лъезе, лъалхъи гьабизе).

*Сасун цIали.* Жанраялъул ва кIодолъи-гьитIинлъиялъул рахъалъ ричIчIизе бигьаял асарал рагIизабун цIалиялдаса дагь-дагьккун сасун цIалиялде рачIин. ЦIалараб тексталъул магIна бичIчIи. ЦIалиялъул тайпа чIезаби: лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тIасабищиялъул; тексталъулъ къваригIараб информация балагьи, гьелъул хаслъаби ричIчIи.

## БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIи

### III класс

Малъарал асаразул, лъугьа-бахъиназул тартиб чIезаби. Жидецаго текст магIнаял бутIабазде биххи, мугIалимасул кумекалдалъун гьезулъ цIикIкIун кIвар бугеб бакI балагьи. ТIубанго тексталъул ва гьелъул щибаб бутIаялъул

аслияб пикру загьир гьаби, гьезда цIар лъей.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал (цIаларал) асаразул план гIуцIи. Планалда рекъон мухIканго, гьоркьоса бищун, къокъго яги гIатIидго, хIасил бицин. Хабариял, сипатиял ва пикруял текстал гIуцIи ва каламалъулъ гьездаса пайда босизе бажари.

Гара-чIвариялъулъ гIахьаллъи: лъурал суалазе жавабал кьезе, цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе бажари.

Жидеца цIалулеб тексталда жаниса ричIчIуларел рагIаби ва предложениял ратIарахъи, гьезул магIна мугIалимасда цIехей.

Диафильм хIисабалда малъараб (цIалараб) тексталъулъ кколел лъугьа-бахъиназул тартибалда суратал церечIезари.

Жидерго халкквеялъул, цIалдохъабазул гIумруялъул хIакъалъулъ хабар бицин.

Хабар бицунаго, синонимаздаса, сипатиял рагIабаздаса ва предложенияздаса пайда боси.

Героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиназул сипат-сурат бихьизаби, авторас хIалтIизарулел рагIаби ва предложениял тексталъулъ жидецаго рати.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал асаразулъ лъугьа-бахъиназе ва героязул ишазе битIараб къимат кьей.

Каламалъул гьаркьилаб культура камиллъизаби, литературияб къагIидаялда рекъон рагIаби аби.

Халкъиял асараздаса литературиял асарал ратIа гьари.

**Библиографияб культура**

ТIехь искусствоялъулаб хасаб тайпа. ТIехь – лъаялъул ицц. ЦIалул, художествиял ва къаригIарал баянал кьолел (справкаялъулал) тIахьал. ТIехьалъул бутIаби: тIехьалъул хIасил яги тIехьалъул бутIрул, титулалъулаб гьумер, аннотация, суратал.

Живго жиндаго чIун аннотация хъвазе бажари.

ТIахьазул тайпаби: художествиял асаразул тIехь, тIехь мажмугI, данде

гьарурал асаразул тIехь, цо ккураб заманалда бахъараб басма, баян кьолел тIахьал (справочник, ай сундулниги хIакъалъулъ къокъаб ва дурусаб баян босизе рес бугеб тIехь, словарал, энциклопедиял, ай, къокъ гьабун, гIемерал гIелмабазул баян кьолел тIахьал).

Библиотекаялдаса жидее къваригIарал тIахьал росизе лъай. Лъималазул гIумруялде дандекколел словараздаса ва дурусаб баян босизе рес бугеб литератураялдаса пайда боси.

## Художествияб асаралда тIад хIалтIи

Художествияб тексталъул хаслъаби, ай гьелъул цогидазда релълъинчIел пасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатал рихьизари (мугIалимасул кумекалдалъун). Асаралъул хIасилги гьелъул цIарги дандрекъон кколеллъи бичIчIи.

ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIи, героязул хьвада-чIвади ритIухъ гьабулеб гIилла бачинеги гьезул ишазе къимат кьезеги бажари.

ПасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатаздаса (синонимаздаса, антонимаздаса, дандекквеяздаса, эпитетаздаса) пайдаги босун, живго жиндаго чIун, текст цIи гьабун бицин. Кьураб тексталъе хасаб лексикаялдаса пайдаги босун, гьеб тексталъул кIвар бугеб ва жибго жиндаго чIараб гIадаб цо лъугьа-бахъин цIи гьабун бицин (мугIалимасул кумекалдалъун). ТIахьазул текстазе суратаздалъун баян кьей.

Асаралъул героясе характеристика кьей (гьесул сипат-сурат, хасаб тIабгI, хасият-гIамал, калам ва гьес гьарулел ишал рихьизари). Лъугьа-бахъиналъе ва героясе характеристика кьолел рагIаби ва предложениял тесталъулъ рати. Художествияб асаралъул героясул ишалъул анализ гьабизе ва гьеб иш ритIухъ гьабизе гIилла бачине бажари. Герояазул ишал цоцазда дандекквей. Герояалдехун авторасул бугеб бербалагьи тIатинаби.

Художествиял асарал жиндирго рагIабаздалъун рициналъул къагIидаби лъай (дурусго бицин, гьоркьоса бищун бицин ва къокъго бицин).

МухIканго, дурусго текст бицин (текст бутIабазде биххи, щибаб бутIаялъул ва тIубараб тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, щибаб бутIаялъе ва тIубараб тексталъе цIарал кьей): тексталъул кесекалъул аслияб пикру загьир гьаби, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизари, цIарал лъей; план гIуцIи ва гьелда рекъон тIубанго текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицин.

Кьураб асаралъул кесек гьоркьоса бищун бицин: асаралъул героясе характеристика кьей (тексталъулъ героясул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищи), иш лъугьараб бакIалъул хIакъалъулъ бицин (тексталъулъ иш лъугьараб бакIалъул хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIасарищи). БатIи-батIиял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквезе.

ШигIриял асарал цIалулаго, гIисинал лъугьа-бахъинал, ишазул тIолалго рахъал рихьизе бугеб гьунар цебетIезаби. Лъугьа-бахъиназул ва сюжеталъул ин цебеккунго бичIчIиялъул бажари цебетIезаби.

**ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел ва цогидалги текстазда тIад хIалтIи**

Асаралъул цIар ва гьеб цIар асаралъул хIасилалда дандрекъон кколеблъи бичIчIи. ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел текстазул хаслъаби, мухIкан гьарун, чIезари. БатIи-батIиял тайпабазул текстазул анализ гьабиялъул гIадатиял къагIидабазулгун лъай-хъвай гьаби: тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, гIиллаябгин хIасилалъул бухьен чIезаби (гIилла гьечIеб хIасил букIунаро). Текст бутIабазде биххи. Гьел бутIабазул темаби баян гьари. КIвар бугел яги аслиял рагIаби ралагьи. Текст цIидасан бициналъул алгоритм гIуцIи. Схемаялда, моделалда, кIвар бугел, аслиял рагIабазда мугъги чIван, текст цIидасан бицин. Текст гIатIидго, ай дурусго бицин. Текст къокъго бицин (ай тексталъул хIасилалъулъ аслияб, кIвар бугеб жо бихьизаби). Справкаялъулаб (батIи-батIияб жоялъул баян кьолеб)материалалда, гIамлъизабулел суалазда ва цIалул тIадкъаязда тIад хIалтIизе бажари.

**Гаргадизе, кӀалъазе бажари (каламалъул культура)**

Диалог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичӀчӀи. Диалогалъул хаслъи: лъурал суалал ричӀчӀизеги, гьезие жавабал кьезеги, тексталда тӀаса жинцаго суалал кьезеги, хабар-кӀалалда вугев чиясул каламалъухъ, гьеб калам гьоркьоса къотӀичӀого, кӀвар кьун гӀенеккизеги, гьоркьоб лъураб асаралда тӀаса хӀеренго жиндир пикру загьир гьабизеги бажари. Каламалъул низам цӀуни. КӀалзул гьунаралъул халкъиял асаразул кьучӀалда иш

гьабиялъул, гӀадамазда гъорлъ вукӀиналъул низамалъулгун яги къагӀидаялъулгун лъай-хъвай гьаби.

РагӀиялда тӀад хӀалтӀи (рагӀул битӀараб ва хъвалсараб магӀнаги гьелъул гӀемер магӀнаги букӀин лъай), активиял рагӀабазул нахърател дагьабги цӀубазаби.

Монолог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичӀчӀи. Лъурал суалазда яги кьураб темаялда тӀасан кӀудияб гьечӀеб калам гӀуцӀизеги ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизеги бажари. ЦӀалараб ялъуни рагӀараб жоялъул хӀасил бицин.

Жинца бицунеб пикруялъул план гӀуцӀи. Жинца бицунеб жоялъул мурадалда рекъон кӀалъаялъул къагӀидаби тӀасарищи. Суратазда ва цӀалараб яги кьураб темаялда тӀасан кӀалзул формаялда къокъаб хабар гӀуцӀи.

**Хъвадари (хъвавул каламалъул культура)**

Хъвавул каламалъул нормаби цӀуни: хӀасил цӀаралда рекъонккезаби (гьелъулъ героязул гӀамал-хасият, иш лъугьараб бакӀ ва тема бихьизаби). Хъвавул каламалъулъ пасихӀал, рекӀелъе ронтулел мацӀалъул алатал (синонимал, антонимал, дандекквеял) хӀалтӀизари. Хъвавул текст дурус гьаби.

Кьураб темаялдаги, цӀаларал асараздаги тӀасан гьитӀиналго сочинениял хъвай.

**ЦӀализе кколел асарал**

МагӀарулазул ва цогидал миллатазул рагӀул устарзабаз хъварал, лъималазул гӀумруялде гӀагарал, гӀисинал, художествиял ва гӀелмиялгин

нахъгIунтIиялъулал асарал.

ЦIализе кколел асаразул жанрал: магIарулазул ва цогидал миллатазул халкъиял маргъаби, кучIдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкIаби, абундачал, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Тематикаялъ гъорлъе рачуна лъагIалил 4 заманалъул, ВатIаналъул, гьелъул тарихалъул ва тIабигIаталъул, нилъер хIайваназул ва хIанчIазул, лъикIлъиялъул, ритIухълъиялъул, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул, гIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъулхIакъалъулъ, гьединго эркенаб захIматалъул, лъималазул гIумруялъул ва сахаватал ишазул, ракълие ва эркенлъиялъе гIоло къеркьолел бахIарзазулхIакъалъулъ бицунел асарал.

**ЦIалул курсалъулъ темабазул къадар**

**3 класс**

**Рии**

Риидалил тIабигIат цебечIезабулел Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул ва харбал.

Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара-чIвариял.

**ТIабигIат цIуни – ВатIан цIуни**

МагIарулазул хъвадарухъабазул гIагараб ВатIаналъул сипат-сурат цебечIезабулел асарал.

ТIабигIат цIунизе ккей загьир гьабулел асарал.

ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

ТIабигIат цIуниялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргъаби, бицанкIаби.

**Меседилаб хасалихълъи**

Меседилаб хасалихълъиялъул сипат-сурат, берцинлъи, бечелъи цебечIезабулел асарал. Хасалихъе гьарулел хIалтIаби. Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал. Хасалихъе рукъалъул ва гIалхул хIайванал.

ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал**

Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал.

ГIадамазе, ВатIаналъе пайдаяллъун рукIине ккеялъул бицунел асарал.

Лъималазе рекъел бокьула. Лъималазул миллияб гъудуллъи. Киналго лъимал вацал ва яцал ккола.

**ЦIорораб хасел**

Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кица-би, маргъаби. Хасало лъималазул расандаби.

**Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асараздасан**

3 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял маргъаби,харбал, кучIдул, кицаби, бицанкIаби.

**Рекъел ва гъудуллъи**

Ракълилаб гIумруялъул ва гъудуллъиялъул берцинлъи, гъайбатлъи беццун хъварал кучIдул ва харбал.

Ракълие гIоло къеркьей.

**Рохалилаб их**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, ихдалил хIалтIабазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, маргъаби, кицаби, абиял.

Ихдалил тIабигIаталда кколеб хиса-басиязул хIакъалъулъ гара-чIвари.

Ихдалил байрамал (8 Март, 9 Май).

**Эркенаб захIмат**

ЗахIматалъул церехъабазул хIакъалъулъ кучIдул. ЗахIмата-лъул баракат. ЗахIмат ккола рохелги, бечелъиги, талихIги. ЗахIматалда хурхарал кицаби, абиял.

ЧIахIияз ва лъималаз гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ гара-чIварият. МагIарулазул устарзабазул хIакъалъулъ харбал.

**ВатIан чIухIарал бахIарзал**

ВатIаналъе гIоло рухI кьурал бахIарзазул гьунарал, гIаданлъи, лебаллъи, намус-бацIцIалъи загьир гьабулел къокъал харбал, кучIдул, маргьаби, биценал, кицаби.

ГIалимзабазул, гIакъилзабазул хьвада-чIвадиялъул бицунел асарал.

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**3 КЛАСС (34** сагIат асарал цIализе ва гьезда тIад хIалтIизе)

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Литературияб цIалиялъул байбихьул дарсал (1 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь. МагIарул ВатIаналъул ва магIарул каламалъул хIакъалъулъ кучIдул. Автор, цо лъидехунниги сундехунниги авторасул бугеб бербалагьи. КIвар бугел предложениязул магIна баян гьаби. КечI рекIехъе лъазаби. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе. Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе. Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе. Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе. Щибаб тексталъул ахиралда кьурал рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе. КучIдул пасихIго цIализе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | МугIалимасул кумекалдалъун кучIдузул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>ВатIаналдехун ва магIарул каламалдехун авторазул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>КIвар бугел предложениязул магIна баян гьабизе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе. |
| Рии (1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Риидалил тIабигIат цебечIезабулел<br>Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул ва харбал.<br>Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара-чIвариял.<br>Харбал ва кучIдул пасихIго цIали. Текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицин. Асаралъул героясе характеристика кьей. Текст бутIабазде биххи ва гьезие цIарал кьей.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Харбал рагIун тIурарал рагIабиккун цIализе; кучIдул пасихIго цIализе, интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе.<br>Суалазда рекъон цо сундулниги хIакъалъулъ къокъаб хабар гIуцIизе.<br>Хабаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Асаразул героял рихьизаризе, герояз гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине.<br>Героязе къимат кьезе.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIар лъезе.<br>Роол тIабигIаталъул сурат бихьизабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| ТIабигIат цIуни – ВатIан цIуни (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунгобицин.<br>МагIарулазул хъвадарухъаба-зул гIагараб ВатIаналъул сипат-сурат цебечIезабулел асарал.<br>ТIабигIат цIунизе ккей загьир гьабулел асарал.<br>ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.<br>ТIабигIат цIуниялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргьаби, бицанкIаби. Текст пасихIго цIали. Асаразул жанрал. Асаразул аслияб магIна. Художествияб тесталъул кьучIалда хабар гIуцIи. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Текст пасихIго цIализе, цIалулаго битIун абиялъул ва интонациялъул нормаби цIунизе, цIалиялъул мурад бичIчIизе.<br>Асаразул жанрал чIезаризе.<br>Асаразул аслияб магIна бичIчIизе.<br>Цо сундехунниги авторасул бугеб бербалагьи тIатинабулел рагIаби ва предложениял тесталъулъ ратизе.<br>Тексталъулъ тIабигIаталъул хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищизе.<br>Авторасул ВатIаналдехун бугеб рокьи ритIухъ гьабулеб гIилла бачине.<br>Асаразе суратаздалъун баян кьезе.<br>ТIабигIат, рухIчIаголъаби цIуниялъул хIакъалъулъ харбал ургъизе. |
| Меседилаб хасалихълъи (5 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунгобицин.<br>Меседилаб хасалихълъиялъул сипат-сурат, берцинлъи, бечелъи цебечIезабулел асарал. Хасалихъе гьарулел хIалтIаби. Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал.<br>Хасалихъе рукъалъул ва | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Харбихъего хъварал асарал рагIун пасихIго цIализе, асразул ахиралда лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>БукIине кколеб интонациялдалъун кучIдул цIализе, хасалихълъиялъул хIакъалъулъ шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе.<br>КучIдузул ритмаялда ва рифмаялда хадуб хал кквезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | гIалхул хIайванал. ТIабигIаталда кколел хиса-басиял. ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб текст. Хасалихълъиялъул тIабигIаталъул сураталь. Хасалихълъиялъул биценкIаби. Кицабазулъ хасалихълъиялъул сипат-сурат. ПасихIго цIали. Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизе. Хасалихълъи тIобитIиялъул хIакъалъулъ къокъаб текст гIуцIизе. БиценкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна бицине. Асаразулъ хасалихълъиялъул гIаламатал рихьизаризе. ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб тексталъул хаслъи бичIчIизе. Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). |
| Лъималазул гIумру ва гьезул ишал (3сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунгобицин. Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал. ГIадамазе, ВатIаналъе пайдаялльун рукIине ккеялъул бицунел асарал. Лъималазе рекъел бокьула. Лъималазул миллияб гьудуллъи. Киналго лъимал вацал ва яцал ккола. ПасихIго цIали. РекIехъе лъазаби. Тексталъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Асаразул героял ва гьезие характеристика кьей. КечI рекIехъе лъазаби. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Харбихъего хъварал асарал рагIун цIализе, кучIдул пасихIго цIализе. Лъурал суалазе жавабал кьезе. Цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе. Жидерго халкквеялъул хIакъалъулъ хабар бицине. Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, гьелда цIар лъезе. Героязул сипат-сурат бихьизабизе, гьезул ишазе битIараб къимат кьезе. Герояздехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. КечI рекIехъе лъазабизе. Щвараб лъаялъе къимат лъезе. |
| ЦIорораб хасел (3 | Темаялда лъураб цIаралъулгун | Темаялъулъ кьураб материал кинаб |

| | | |
|---|---|---|
| сагІат) | лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>Хасалил тІабигІаталъул хІакъалъулъ харбал, кучІдул, кицаби, маргьаби.<br>Хасало лъималазул расандаби.<br>цІалараб жоялда тІасан жиндирго пикру загьир гьаби.<br>Тексталъулъ кІвар бугел яги аслиял рагІаби ва предложениял рихьизари. План гІуцІи. КечІ рекІехъе лъазаби. Халкъияб ва литературияб маргьаялда гьоркьоб бугеб батІалъи бихьизаби. | букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>РекІел хІал бихьизабулаго, асар цІализе, цІалараб жоялда тІасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Художествияб асар гІенеккун бичІчІизе.<br>Хасалил хІакъалъулъ бицине рес кьолел рагІаби ва предложениял тІаса рищизе.<br>Художествияб тексталъулъ кІвар бугел яги аслиял рагІаби ва предложениял рихьизаризе, гьезул магІна баян гьабизе.<br>План гІуцІизе ва гьелда рекъон тІубанго текст мухІканго жиндирго рагІабаздалъун бицине.<br>Хасалил хІакъалъулъ батІи-батІиял шагІирзабаз хъварал асарал дандекквезе.<br>Асаразул текстазде мугъги чІван, хасалил тІабигІаталъул суратал рахъизе (бицун).<br>ХІасилалда тІасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>КечІ рекІехъе лъазабизе.<br>БицанкІабазе жавабал ратизе.<br>Кициялъул магІна асаралъул хІасилалда бухьине.<br>Асаразул текстазде мугъги чІван, хасалил тІабигІаталъул суратал рахъизе (бицун).<br>Халкъияб ва литературияб маргьаялда гьоркьоб бугеб батІалъи бихьизабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асараздасан (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>3 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял маргьаби, харбал, кучIдул, кицаби, бицанкIаби.<br>Маргьабазул героял. Маргьабазул аслияб пикру. Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIали. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асарал цоцаздаса ратIарахъизе.<br>Кицаби, абиял, бицанкIаби, кучIдул ва маргьаби пасихIго цIализе.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>Кицаби хабаралъул аслияб магIнаялда дандеккезаризе.<br>Хабаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Маргьабазул героял рихьизаризе, герояз гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине.<br>Героязе къимат кьезе.<br>Маргьабазул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIализе.<br>Щвараб лъаялъе жинцаго къимат кьезе. |
| Рекъел ва гьудуллъи (2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Ракълилаб гIумруялъул ва гьудуллъиялъул берцинлъи, гьайбатлъи беццун хъварал кучIдул ва харбал.<br>Ракълие гIоло къеркьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асарал пасихIго цIализе ва гIенеккун гьезул хIасил бичIчIизе.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>Асаразул жанрал рихьизаризе.<br>Асаразул рухIияб бечелъи бичIчIизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | Асаразул жанрал рихьизари. Асаразул рухIияб бечелъи бичIчIи. Асаразул аслияб пикру загьир гьаби. Асаразул героял. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Асаразул аслияб пикру загьир гьабизе. Асаразул героял, гьезул сипат-сурат, гьез гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьезул калам бихьизабизе. Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьезе. Ракълидехун ва гьудуллъиялдехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. |
| Рохалилаб их (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунгобицин. Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, ихдалил хIалтIабазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, абиял. Ихдалил тIабигIаталда кколеб хиса-басиязул хIакъалъулъ гара-чIвари. Ихдалил байрамал (8 Март, 9 Май). Ихдалил кицаби. ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал: дандекквеял, матафорал, эпитетал. КечI рекIехъе лъазаби. Хабар гIуцIи. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе. КучIдул ва кицаби пасихIго цIализе; интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе. Авторасул рекIел хIалги гьес бижизабураб тIабигIаталъул суратги бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе. ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал, дандекквеял, матафорал, эпитетал кучIдузулъ, ва кицабазулъ ратизе (мугIалимасулкумекалдалъун). ШигIрияб тексталъул ритмаялда хадуб халкквезе. БатIи-батIиял шагIирзабаз ихдалил хIакъалъулъ хъварал кучIдул дандекквезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Кицабазул магIна бицине.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Асаралъулъ ихдалил гIаламатал рихьизаризе, ихдалил тIабигIаталъул сурат бахъизе.<br>Ихдалил хIакъалъулъ хабаргIуцIизе.<br>Ихдалил байрамалъул ва хIанчIазул хIакъалъулъ бицине ва гьездехун бугеб жидерго бербалагьи загьир гьабизе. |
| Эркенаб захIмат (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунгобицин.<br>ЗахIматалъул церехъабазул хIакъалъулъ кучIдул. ЗахIматалъул баракат. ЗахIмат ккола рохелги, бечелъиги, талихIги. ЗахIматалда хурхарал кицаби, абиял.<br>ЧIахIияз ва лъималаз гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ гара-чIвариял. МагIарулазул устарзабазул хIакъалъулъ харбал.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьаби. Асаралъул хаслъи. Асаразул героязул ишалъул анализ гьаби. Асаралъулъ кIвар бугел предложениял рати. Асаразул жанрал ва гьезу хаслъи. План гIуцIи ва гьелда рекъон хIасил бицин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Суалазул кумекалдалъун тексталъул хIасил къокъго бицине.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе.<br>Героияз гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Кицабазул магIна асаразул хIасилазда бухьине.<br>Асаралъул хаслъи ва героялдехун авторасул бугеб бербалагьи тIатинабизе.<br>Асаралъул герояз гьарулел ишал рихьизаризе.<br>Асаралда релълъараб хабаргIуцIизе.<br>Асаралъулъ кIвар бугел предложениял ратизе ва гьезул магIна баян гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Халкъалъул кIалзул гьунаралъул ва авторасул асарал ратIарахъизе.<br>Асаразул жанрал рихьизаризе ва гьезул хаслъи чIезабизе.<br>План гIуцIизе ва гьелда рекъон хIасил бицине. |
| ВатIан чIухIарал бахIарзал (7 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ВатIаналъе гIоло рухI кьурал бахIарзазул гьунарал, гIаданлъи, лебаллъи, намус-бацIцIалъи загьир гьабулел къокъал харбал, кучIдул, маргьаби, биценал, кицаби.<br>ГIалимзабазул, гIакъилзабазул хьвада-чIвадиялъул бицунел асарал. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асарал пасихIго цIализе.<br>Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизаризе.<br>Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Жиндирго пикруги загьир гьабун, асаралъул героязул бицине.<br>Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ бицине.<br>Биценалъул хаслъи бихьизабизе.<br>Асаралда релълъараб хабар гIуцIизе.<br>Суалазда рекъон хIасил бицине.<br>Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьезе.<br>Герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе. |

## 3 класс

| № урока | Тема урока | К-во часов | Дата |
|---|---|---|---|
| 1 | Р.Х1амзатов "Маг1арулазул Ват1ан" | 1 | |
| 2 | А. Х1амзатов "Нуралъул к1амури" | 1 | |
| 3 | "Дагъистаналъул т1абиг1ат". "Дагъистаналда" кеч1 Ф.Г1алиева. | 1 | |
| 4 | Чаргъадил т1инч1алъе гьабураб кумек | 1 | |
| 5 | "Х1анч1и нилъер гьудулзаби руго". И.Утарбиев "Хириял х1анч1и" | 1 | |
| 6 | Хасалихълъи. М.Гъазиев кеч1 "Хасалихълъи" | 1 | |
| 7 | "Огь, дир ккараб гъалат1" М.Мух1амадов | 1 | |
| 8 | "Гьит1инав бах1арчи" Б.Х1ажиев къиса | 1 | |
| 9 | "Бокьула мун дие, муг1рузул т1алъи" Н.Г1исаев | 1 | |
| 10 | "К1иго г1еч" М.Мух1амадов | 1 | |
| 11 | "Баркала", "Гьудуллъи" хабар | 1 | |
| 12 | "Гьудуллъи", "К1иго гьудул" хабар | 1 | |
| 13 | "Адаб" М.Мух1амадов | 1 | |
| 14 | Ц1орораб хасел. Хасалил г1анч1лъи. "Хасел" кеч1 Г1.Шейхов | 1 | |
| 15 | "Гьобол" Х1.Х1ажиев | 1 | |
| 16 | "К1иабилей эбел" М.Шамхалов | 1 | |
| 17 | Халкъалъул к1алзул гьунаралъул асараздасан | 1 | |
| 18 | "Бац1ги, церги, циги" маргьа | 1 | |
| 19 | "Бах1арчияв вас" маргьа | 1 | |
| 20 | "Рагъ ва рекъел" Ц1.Х1амзат | 1 | |
| 21 | "Вацал" маргьа | 1 | |
| 22 | "Их" Ц1.Х1амзат | 1 | |
| 23 | Эбелалде. Р.Х1амзатов, Н.Г1исаев | 1 | |
| 24 | "Т1оцебесеб ц1ад" З.Батирова | 1 | |
| 25 | "Чадил кесек" хабар М.Сулиманов | 1 | |
| 26 | "Эбелалъул г1адлу" А.Х1амзатов | 1 | |
| 27 | "Гъвет1ги васги" Г1.Расулов | 1 | |
| 28 | Бергьенлъиялъул къо – 9 май. "Саг1аду" Р.Х1амзатов | 1 | |
| 29 | "Ват1ан" маргьа | 1 | |
| 30 | "Хвалчен" хабар | 1 | |
| 31 | "Имам Шамил" М.Саидов | 1 | |
| 32 | "Х1ажимурадги чачанавги" бицен | 1 | |
| 33 | "Ираназул шагьги Г1алискандиги" халкъияб бицен | 1 | |
| 34 | "Ват1аналъул х1акъалъулъ пикраби" Р.Х1амзатов | 1 | |